

Non elèv la: _____

elèv la [mandatory]: _____ **Klas:** _____

Non konseye a(yo): _____

Dat pwomnad la : Dimanch 13 oktòb 2019

Lè y ap kite: _____

Lè y ap retounen: Y ap lage elèv yo nan lokal evènman an apre mach la

Kote yo prale: Mach Mache ansanm pou lekòl leta (*March United for Public Schools*) (soti Foley Square nan Manhattan, travèse Brooklyn Bridge pou rive Brooklyn's Borough Hall nan Brooklyn)

Tip mwayen transpò: Sistèm tren NYC

Aranjman pou manje: Elèv dwe fè pwòp aranjman yo pou manje. Yo ankouraje elèv pou pote dlo.

Objektif pwomnad la: Patisipe nan mach *Mache ansanm pou lekòl leta*

Itinerè: N ap rankontre nan _____ pou nou ale kote mach la ap kòmanse a nan Foley Square (Centre Street ak Worth Street) nan Manhattan. Kantite tan w ap fè ap mache nan parad la se anviwon 60 minit. Y ap kòmanse tcheke moun pou mach la a 8am epi mach la limenm ap kòmanse a 9am. Nou poko konnen egzakteman a ki lè noumenm ap kòmanse oswa fin mache, kantite tan an ap depann sou plizyè faktè. Mach la ap fini nan Brooklyn Borough Hall, kote ki pral gen pèfòmans elèv, mizik ak aktivite. Pwogram lan ap fini a 2pm, kote n ap lage elèv yo nan lokal aktivite yo (Borough Hall in Brooklyn).

Abiman: Mete rad apwopriye pou tanperati cho ak soulye ki konfòtab pou mache. Nou ankouraje w pou mete krèm kont solèy.

Konpòtman elèv: Dapre règleman Depatman edikasyon, ak jan yo espesifye sa nan manyèl elèv la, nou atann pou elèv konfòme yo avèk règ ak règleman lekòl la ak pou suiv lòd pwofesè ak lòt manm estaf.

Konsantman paran:

Mwen dakò pou kite pitit mwen an patisipe nan mach Mache ansanm pou lekòl leta a.

Piske se yon evènman piblik, mwenmenm ki siyen pi ba a pap fè Depatman edikasyon (DOE) NYC okenn reklamasyon, ni responsab okenn pèt ki rive paske pitit mwen an t ap patisipe nan mach Mache ansanm pou lekòl leta a.

Mwen konprann nou atann pou pitit mwen an konpòte l yon fason responsab epi pou li suiv kòd ak règleman disiplin ak pou li konfòme l avèk tout règ, règleman, lwa ak pwosedi Depatman edikasyon Vil Nouyòk ak _____.

Mwen konprann yo entèdi bwason alkolik, zam ak/oswa dwòg epi mwen pale sou sa avèk pitit mwen an. Mwen konprann si yo jwenn pitit mwen an gen bagay sa yo, lekòl la ap pran mezi disiplin kont pitit mwen an, epi li posib pou yo chaje l kòm kriminel.

Mwen dakò epi mwen konprann mwen responsab pou zak pitit mwen an.

Mwen dakò pou si ta gen yon ijans, manm estaf ki akonpaye elèv yo ka aji nan plas mwen, sou kont mwen, pou yo bay pitit mwen an swen medikal.

Mwen konprann mwen responsab pou m depoze pitit mwen nan lokal kote y ap derape a, ak pase pran l nan lokal kote y ap lage apre a jan yo di sa pi wo a. Mwen konprann ap gen manm estaf k ap akonpaye pitit mwen an soti nan lekòl la pou ale nan mach la ak pnanan tout mach la, epi y ap lage pitit mwen an depi apre mach la (nan Brooklyn Borough Hall).

Otorizasyon pou piblye foto

- Wi, mwen bay DOE pèmisyon pou pran ak itilize foto
- NON, mwen pa bay DOE pèmisyon pou pran ni itilize foto

Siyati paran/responsab : _____ **Dat** _____

Nimewo telefòn pou ka ijans _____

Deklarasyon elèv la: (Pou elèv lekòl presegondè ak segondè siyen)

Mwen li fòm sa a epi mwen konnen ke mwen sipoze konpòte m nan pwomnad sa a menm jan yo atann pou mwen konpòte m nan lekòl la.

Siyati elèv la : _____ **Dat** _____